



Gid Fanmi pou Paran ak Responsab Legal ki gen Andikap

Sa ki nan Gid la

Lèt Chanselye a..... 3

Lèt Komisyonè Biwo Majistra a
pou Moun ki gen Andikap..... 5

Aplikasyon ak Enskripsyon Pitit ou Lekòl 7

Akomodasyon ak Aksesibilite nan Bilding lekòl la.....23

Transpò Lekòl la26

Prezans Elèv32

Remaniman Sitwèb33

Opòtinite pou Angajman Fanmi.....34

Lèt Chanselye a

Chè Fanmi:

Antan ke yon edikatè pandan tout vi m, mwen konnen ke paran yo se patnè nou epi patisipasyon ou enpòtan anpil pou reyisit pitit ou a nan lekòl. Gid sa a fè pati travay nou pou nou asire ke ou jwenn enfòmasyon ou bezwen pou w sipòte pwogrè aprantisaj pitit ou a.

Avan tou, nou travay di pou nou fè lekòl nou yo aksesib epi kreye espas pou akeyi tout fanmi; nou vle pou santi w konfòtab ak konfyan lè w nan lekòl nou yo.

Gid sa a dekri akomodasyon pou paran ak Responsab legal ki gen andikap yo pandan y ap travèse eksperyans eskolè pitit yo a. Mwen espere ke enfòmasyon sa a pral ede w sipòte pwogrè pitit ou a soti nan klas prematènèl jiska gradyasyon li.

Anplis gid sa a, m ap rekòmande w pou pwofite nan tout opòtinite ki pèmèt ou patisipe nan lekòl pitit ou a. Se sèlman sipò paran ak defansè tankou w yo k ap fè pwogram nou yo amelyore. Pwofesè pitit ou a ak direktè a toujou disponib pou pale avèk ou konsènan nenpòt kesyon oswa enkyetid ou kapab genyen sou edikasyon pitit ou a. N ap envite w tou pou patisipe

nan youn oswa plizyè nan òganizasyon paran nou yo ki dekri pi lwen nan gid sa a. Sa yo se mwayen ekselan pou w pataje avi ou epi ede nou ranfòse lekòl nou yo.

Mwen ankouraje ou enfòme plis sou lòt opòtinite ki genyen pou paran yo nan lekòl pitit ou epi pou w al vizite sit entènèt Biwo pou Fanmi ak Angajman Kominotè DOE a (DOE's Division of Family and Community Engagement) (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/default.htm>). Biwo sa a jere eleksyon konsèy paran yo, li ofri atelye, epi li patwone lòt evènman pou ede w patisipe plis nan aktivite lekòl pitit ou a.

Nou espere fòme yon patenarya avèk ou epi mwen remèsye ou dèske w kontinye angaje w nan reyisit pitit ou a.

Sensèman,
Carmen Fariña
Chanselye Lekòl yo

Lèt Komisyonè Biwo Majistra a pou Moun ki gen Andikap

Chè Fanmi:

Biwo Majistra a pou Moun ki gen Andikap (The Mayor's Office for People with Disabilities, MOPD) a defann dwa moun ki gen andikap nan gouvènman lokal, leta ak federal ansanm ak nan òganizasyon ak biznis prive yo. Objektif ak vizyon nou se fè Vil Nouyòk tounen Vil ki pi Aksesib nan Lemonn. Nou gen yon rapò alekri, AccessibleNYC (<http://www1.nyc.gov/site/mopd/initiatives/accessiblenyc.page>) "Yon Rapò Anyèl sou Sitiyasyon Moun ki gen Andikap Ki Abite nan Vil Nouyòk (An Annual Report on the State of People with Disabilities Living in New York City)," ki adrese pwoblèm Moun Ki Abite nan Vil Nouyòk ki gen andikap ap konfwonte nan domèn transpò, travay, sante, lojman ak aksè pou yo jwenn sèvis Vil la, ki gen ladan edikasyon.

Depatman Edikasyon (DOE) travay pou li asire l ke tout elèv ki gen andikap yo jwenn menm edikasyon kalite siperyè ak kanmarad yo. Sa gen ladan bay opòtinite pou tout moun anjeneral tout moun nan salklas yo, teknoloji asistans, espò adaptasyon ak nan lokal eskolè aksesib yo. MOPD travay avèk DOE pou bay aksesibilite atravè sèvis li yo.

Nou fyè anpil dèske DOE prepare tou premye Gid Fanmi pou Paran ak Responsab Legal ki gen Andikap la. Gid sa a pral ede sila k ap chèche akomodasyon ak materyèl aksesib, epi li pral bay enfòmasyon sou aksesibilite nan lekòl la, opsyon pou deplasman aksesib ak opòtinite pou angajman paran.

Mwen espere gid sa a ap yon resous valab pou ou nan planifikasyon edikasyon pitit ou a.

Sensèman,
Victor Calise
Komisyonè
Biwo Majistra a pou Moun ki gen Andikap

Aplikasyon ak Enskripsyon Pitit ou Lekòl

Nan Vil Nouyòk, elèv yo antre lekòl atravè yon pwosesis admisyon ki depann de laj yo:

- Kindergarten – timoun ki pral gen laj senkan (avan 31 Desanm nan ane eskolè a)
- Pwogram pou Timoun Douwe (Gifted & Talented) – timoun k ap antre nan klas Kindergarten jiska klas twazyèm ane
- Lekòl Presegondè – elèv ki aktyèlman nan klas 5yèm Ane yo
- Lekòl Segondè – elèv ki aktyèlman nan klas 8yèm Ane yo

Anplis, elèv ki vin gen laj twazan disi 31 Desanm nan ane almannak yo kapab antre nan yon pwogram **3-K pou Tout Timoun (3-K for All)** (<http://schools.nyc.gov/3k>) ak timoun ki vin gen laj katran disi 31 Desanm nan ane almannak yo kapab antre nan yon pwogram **Pre-K pou Tout Timoun (Pre-K for All)** (<http://schools.nyc.gov/prek>).

Elèv ki nan Kindergarten jiska klas uityèm ane ki vin abite nan Vil Nouyòk andeyò pwosesis admisyon yo ki dekri anba a kapab enskri lekòl lè yo al vizite lekòl ki pou elèv

ki abite nan sektè lekòl la, si yo gen youn oswa lè yo vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi (<http://schools.nyc.gov/welcomecenters>) pou yo aprann plis sou opsyon ki disponib yo. Tout elèv lekòl segondè yo kapab enskri lè yo vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi pou diskite sou opsyon yo. Pou detèmine sektè yon lekòl, tanpri vizite zouti Lokalizatè Lekòl (School Search) la (<http://schools.nyc.gov/SchoolSearch>) oswa rele 311.

W ap jwenn adrès ak distri pou Sant Byenveni pou Fanmi yo nan lis ki anba a. Fanmi yo kapab vizite nenpòt Sant Byenveni pou Fanmi, menm si yo pa abite nan distri sa a. Si ou gen kesyon sou admisyon yo oswa sou Sant Byenveni pou Fanmi yo, rele 718-935-3500. Tout Sant Byenveni pou Fanmi yo aksesib.

Fanmi yo kapab jwenn nouvo enfòmasyon sou kijan pou yo aplike ak enskri lè yo anrejistre pou yo resevwa lèt enfòmasyon pa imèl (<http://schools.nyc.gov/Subscribe/default.htm>).

Bronx

1 Fordham Plaza, 7th Floor
Bronx, NY 10458
Distri yo Sèvi: 7, 9, 10

1230 Zerega Avenue, Room 24
Bronx, NY 10462
Distri yo Sèvi: 8, 11, 12

Brooklyn

415 89th Street, 5th Floor
Brooklyn, NY 11209
Distri yo Sèvi: 20, 21

1665 St. Marks Avenue, Room 116
Brooklyn, NY 11233
Distri yo Sèvi: 19, 23, 32

29 Fort Greene Place (BS12)
Brooklyn, NY 11217
Distri yo Sèvi: 13, 14, 15, 16

1780 Ocean Avenue, 3rd Floor
Brooklyn, NY 11230
Distri yo Sèvi: 17, 18, 22

Manhattan

333 Seventh Avenue, 12th Floor; Room 1211
New York, NY 10001
Distri yo Sèvi: 1, 2, 4

388 West 125th Street, 7th Floor; Room 713
New York, NY 10027
Distri yo Sèvi: 3, 5, 6

Queens

28-11 Queens Plaza North, 3rd Floor
Long Island City, NY 11101
Distri yo Sèvi: 24, 30

30-48 Linden Place, 2nd Floor
Flushing, NY 11354
Distri yo Sèvi: 25, 26

90-27 Sutphin Boulevard, 1st Floor
Jamaica, NY 11435
Distri yo Sèvi: 27, 28, 29

Staten Island

715 Ocean Terrace, Building A
Staten Island, NY 10301
Distri yo Sèvi: 31

Admisyon 3-K pou Tout Timoun

nyc.gov/3K

Timoun yo elijib pou yo enskri nan klas 3-K nan ane almannak lè yo vin gen laj twazan, epi yo kapab aplike pou pwogram 3-K yo nan kòmansman prentan ane sa a. Fanmi yo kapab soumèt yon aplikasyon sou entènèt (<http://schools.nyc.gov/applyonline>) nan dis lang, nan telefòn lè yo rele 311 oswa an pèsòn nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (<http://schools.nyc.gov/welcomecenters>).

Tout fanmi Vil Nouyòk yo elijib pou yo patisipe, men sila yo ki abite nan distri kote pwogram nan ye a pral gen priyorite. Nan kòmansman Otòn 2017, 3-K pou Tout Timoun ap disponib nan Distri Lekòl 7 ak 23 a, epi li pral pwolonje nan Distri Lekòl swivan yo jiska 2020.

- Otòn 2017: Distri Lekòl 7 (South Bronx) ak 23 (Brownsville, East New York, Ocean Hill)
- Otòn 2018: Distri Lekòl 4 (East Harlem) ak 27 (Broad Channel, Howard Beach, Ozone Park, Rockaways)
- Otòn 2019: Distri Lekòl 9 (Grand Concourse, Highbridge, Morrisania) ak 31 (Staten Island)
- Otòn 2020: Distri Lekòl 19 (East New York) ak 29 (Cambria Heights, Hollis, Laurelton, Queens Village, Springfield Gardens, St. Albans)

Ou kapab wè aplikasyon sou entènèt la avèk lektè ekran yo, paramèt òdinatè pèsonèl yo oswa teknoloji asistans. Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papye ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou fè yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Fanmi yo kapab revize opsyon pwogram yo nan 3-K Finder (Lokalizatè 3-K) a (<http://maps.nyc.gov/3k>), lè yo vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa lè yo rele 311. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite yon pwogram 3-K, kontakte pwogram lan dirèkteman pou w aprann plis epi planifye yon vizit. Fanmi yo kapab voye imèl tou nan earlychildhood@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Admisyon nan Pwogram Pre-Kindergarten (Pre-K) nyc.gov/prek

Timoun yo ka enskri nan klas Pre-K nan ane almannak kote yo vin gen laj katran an epi yo kapab aplike pou pwogram klas Pre-K yo nan kòmansman prentan ane sa a. Fanmi yo kapab soumèt yon aplikasyon sou entènèt (<http://schools.nyc.gov/applyonline>) nan dis lang, nan telefòn lè yo rele 311 oswa an pèsòn nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (<http://schools.nyc.gov/welcomecenters>).

Ou kapab gade aplikasyon sou entènèt la avèk lektè ekran yo, paramèt òdinatè pèsònèl yo oswa teknoloji asistans. Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papye ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran l sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Fanmi yo kapab revize opsyon pwogram yo nan Pre-K Finder (Lokalizatè Lekòl Prematènèl) la

(<http://maps.nyc.gov/prek>), Anyè Lekòl Pre-K la (<http://schools.nyc.gov/prek>), lè yo vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa rele 311. Anyè Lekòl Pre-K la gen lis pwogram klas Pre-K yo, ansanm ak lòt enfòmasyon anplis, ki gen ladan yon endikatè si pwogram lan aksesib.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite pwogram klas Pre-K yo, kontakte pwogram lan dirèkteman pou w aprann plis epi planifye yon vizit. Fanmi yo kapab voye imèl tou nan earlychildhood@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Admisyon nan Lekòl Primè ak Kindergarten (Kindergarten)

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Elementary>

Timoun yo enskri nan Kindergarten nan ane almanak kote yo vin gen laj senkan, epi yo kapab aplike nan lekòl yo nan kòmansman ivè a avan yo kòmanse ale lekòl. Fanmi yo kapab soumèt yon aplikasyon sou entènèt nan dis lang, nan telefòn lè yo rele 311 oswa an pèsòn nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (<http://schools.nyc.gov/welcomecenters>).

Ou kapab gade aplikasyon sou entènèt la avèk lektè ekran yo, paramèt òdinatè pèsònèl yo oswa teknoloji asistans. Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papye ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran l sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Fanmi yo kapab revize opsyon lekòl yo nan Anyè Lekòl Matènèl la (<http://schools.nyc.gov/kindergarten>), ki gen ladan enfòmasyon sou aksesibilite total oswa limite nan lekòl yo, ki kapab varye selon bilding lan. Fanmi yo kapab vizite tou yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa rele 311. Pou jwenn plis enfòmasyon sou aksesibilite nan lekòl la, al gade nan "Chapit sou Akomodasyon ak Aksesibilite nan Bilding Lekòl la" ki nan gid sa a oswa vizite sitwèb pou Aksesibilite a (<http://schools.nyc.gov/offices/osp/accessibility>).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite nan lekòl la, kontakte lekòl la dirèkteman pou w aprann plis epi pou planifye yon vizit gide. Fanmi yo kapab voye imèl tou nan accessibility@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon epi pou soumèt demann rezonab pou akomodasyon.

Admisyon nan Pwogram pou Timoun ki Douwe (Gifted & Talented)

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/GiftedandTalented>

Timoun k ap antre nan matènèl, klas premye ane, klas dezyèm ane oswa klas twazyèm ane nan ane eskolè apre a kapab enskri pou pran egzamen Pwogram pou Timoun Ki Douwe (Gifted & Talented, G&T) a pou detèmine elijibilite yo pou yo aplike pou pwogram yo. Chak ane pandan Oktòb jiska Novanm, fanmi timoun sa yo k ap antre nan klas sa yo kapab soumèt yon Demann pou Pran Egzamen (Request for Testing, RFT). RFT a pèmèt fanmi yo endike nenpòt akomodasyon yo bezwen.

An Janvye, timoun lan ap pran egzamen an. Nan kòmansman prentan, fanmi yo ap resevwa yon rapò sou rezilta yo. Rapò sou rezilta yo endike si pitit ou elijib pou l aplike pou pwogram G&T yo. Si li elijib, fanmi an pral resevwa tou yon aplikasyon pou yo ranpli epi soumèt. Fanmi yo ap resevwa lèt desizyon yo pou pita nan sezon prentan an.

Ou kapab gade toude, RFT ak aplikasyon an sou entènèt la avèk lektè ekran yo, paramètòdinatè pèsonèl yo oswa teknoloji asistans. Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papye ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran l sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Fanmi yo kapab revize opsyon pou pwogram Timoun ki Douwe (G&T) yo nan Manyèl Pwogram pou Timoun ki Douwe (Gifted & Talented Handbook) yo (<http://schools.nyc.gov/G&T>) pou dat nesans pitit yo a; lis ki gen opsyon pwogram yo endike ki lekòl ki gen aksè total oswa aksè limite pou chèz woulant. Pou jwenn plis enfòmasyon sou aksesibilite nan lekòl la, al gade nan "Chapit sou Akomodasyon ak Aksesibilite nan Bilding Lekòl la" ki nan gid sa a oswa vizite sit entènèt pou Aksesibilite a (<http://schools.nyc.gov/offices/osp/accessibility>).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite nan lekòl la, kontakte lekòl la dirèkteman pou w aprann plis epi pou planifye yon vizit gide. Fanmi yo kapab voye

imèl tou nan accessibility@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon epi pou soumèt demann rezonab pou akomodasyon.

Admisyon nan Lekòl Presegondè

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Middle/>

Elèv yo elijib pou yo aplike pou lekòl presegondè nan ane eskolè yo nan klas senkyèm ane a. Elèv yo kapab aplike pou lekòl ki nan distri kote yo abite a; si yo enskri nan lekòl primè ki nan yon lòt distri, alòs yo elijib tou pou yo aplike pou lekòl presegondè ki nan distri sa a tou. Anplis, gen opsyon nan tout vil la ak nan tout borough a pou elèv klas senkyèm ane yo kapab aplike. Opsyon lekòl pou chak distri yo endike nan lis ki nan Anyè Lekòl Presegondè yo (<http://schools.nyc.gov/middle>), epi yo endike ki lekòl ki aksesib. Fanmi yo kapab vizite tou yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa rele 311.

Fanmi yo resevwa aplikasyon lekòl presegondè yo a nan men konseye pedagogik lekòl primè a epi soumèt (<http://schools.nyc.gov/middle>) aplikasyon an bay konseye pedagogik la disi kòmansman Desanm nan ane yo nan klas senkyèm ane a. Yo poste aplikasyon an sou entènèt e ou kapab gade li avèk lektè ekran yo, paramèt òdinatè pèsonèl yo oswa teknoloji asistans. Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papye ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan MSenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran l sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite nan yon lekòl, kontakte lekòl la dirèkteman pou w aprann plis epi pou planifye yon vizit gide. Fanmi yo kapab voye imèl tou nan accessibility@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon epi pou soumèt demann rezonab pou akomodasyon.

Admisyon nan Lekòl Segondè <http://schools.nyc.gov/high>

Elèv yo elijib pou yo aplike pou lekòl segondè nan ane eskolè yo nan klas uityèm ane a. Elèv yo kapab aplike pou lekòl nan tout vil la epi yo ta dwe revize Anyè Lekòl Segondè a (<http://schools.nyc.gov/high>), ki endike aksesibilite nan lekòl yo. Fanmi yo kapab vizite tou School Finder (Lokalizatè Lekòl la) (<http://schoolfinder.nyc.gov/>), oswa vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi oswa rele 311.

Fanmi yo resevwa aplikasyon lekòl presegondè yo a nan men konseye pedagogik nan lekòl presegondè yo a epi soumèt yo bay konseye pedagogik la disi kòmansman Desanm nan ane yo nan klas uityèm ane. Yo poste aplikasyon lekòl segondè a sou entènèt epi ou kapab gade l avèk lektè ekran yo, paramèt òdinatè pèsonèl yo oswa teknoloji asistans Fanmi ki bezwen yon aplikasyon papyè ki ekri an gwo karaktè oswa avèk ekriti bray kapab voye yon imèl nan HSenrollment@schools.nyc.gov oswa rele 311 pou yo voye youn ba yo pa imèl oswa fè yo mete l disponib pou yo pase pran l sou demann nan yon Sant Byenveni pou Fanmi.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo aksesibilite nan lekòl la, kontakte lekòl la dirèkteman pou w aprann plis epi pou planifye yon vizit gide. Fanmi yo kapab voye imèl tou nan accessibility@schools.nyc.gov pou jwenn plis enfòmasyon epi pou soumèt demann rezonab pou akomodasyon.

Admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize yo www.schools.nyc.gov/shsat

Elèv yo elijib pou yo enskri pou Egzamen Admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize yo (SHSAT) nan otòn ane yo nan klas uityèm ane a. Yo konsidere elèv ki pran egzamen an epi ki fè yon nòt elijib pou yo jwenn yon òf nan youn nan uit lekòl espesyalize ki bay egzamen admisyon yo, baze sou kantite plas disponib ki genyen yo. Elèv yo kapab fè yo konsidere nòt egzamen yo pou youn oswa tout uit lekòl ki bay egzamen yo. Fiorello H. LaGuardia High School se sèl Lekòl Segondè Espesyalize kote yo detèmine admisyon yo atravè yon odisyon ak yon evalyasyon dosye akademik. Elèv yo kapab fè odisyon pou jiska sis estidyo nan LaGuardia High School.

Fanmi ki gen elèv ki enterese pou enskri pou pran SHSAT yo kapab endike nenpòt nesosite yo genyen pou aksesibilite oswa akomodasyon lè yo soumèt enskripsyon yo bay konseye pedagogik yo a. SHSAT a disponib nan ekriti bray sou demann atravè enskripsyon an.

Sèvis ak Akomodasyon pou Elèv ki gen Andikap yo

Si yo te remake yon timoun ki gen plis pase laj twazan gen yon andikap, DOE pral bay sèvis ak sipò edikasyon espesyal ki deziyen espesyalman pou satisfè bezwen endividyèl yo, san li pa koute fanmi an anyen. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak wòl fanmi yo ak pwosesis edikasyon espesyal la, vizite paj entènèt edikasyon espesyal la (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/FamilyResources/GuidesDocuments/default.htm>), imèl specialeducation@schools.nyc.gov oswa rele 311. Pou jwenn plis enfòmasyon sou tranzisyon elèv la nan Kindergarten, tanpri al gade nan Kindergarten: Yon gid Oryantasyon pou Fanmi Elèv ki gen Andikap K ap Antre nan Kindergarten nan Otòn 2018 [Kindergarten: An Orientation Guide for Families of Students with Disabilities Entering Kindergarten in Fall 2018] (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/FamilyResources/GuidesDocuments/default.htm>).

Entèvansyon pou Timoun Piti

Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a sèvi timoun ki gen andikap oswa ki gen reta nan devlopman yo depi nesans jiska laj twazan. Se Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ki jere pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a. Vizite sit entènèt Entèvansyon pou Timoun Piti a (<https://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/early-intervention-eligibility-and-services.page>) pou jwenn plis enfòmasyon.

Sèvis Edikasyon Espesyal nan Lekòl Pre-K

Sèvis edikasyon espesyal nan lekòl pre-K disponib pou timoun ki gen laj twazan jiska laj senkan ki gen andikap oswa ki gen reta nan devlopman ki afekte aprantisaj yo. Fanmi yo kapab kontakte Komite sou Edikasyon Espesyal Pre-K (CPSE) pou mande pou yon evalyasyon pou yo detèmine elijibilite pou yo jwenn sèvis edikasyon espesyal yo. CPSE rsponsab pou li kowòdone pwosesis edikasyon espesyal la pou timoun ki gen laj twazan jiska laj senkan. Gen dis CPSE nan diferan zòn ki nan Vil la ki travay avèk fanmi yo nan distri kote fanmi an abite a. Fanmi yo kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte CPSE yo nan sit sa a: <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPSE.htm>.

Tranzisyon nan Kindergarten

Si CPSE a gentan remake yon timoun kòm yon elèv pre-K ki gen andikap, timoun sa a ka elijib pou sèvis edikasyon espesyal nan Kindergarten la. Yo pral refere timoun yo otomatikman bay Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) a pou detèmine elijibilite pou yo jwenn sèvis edikasyon espesyal pou Kindergarten.

Sèvis Edikasyon Espesyal pou Timoun ki gen Laj pou ale Lekòl

Sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale Lekòl yo disponib pou timoun ki gen andikap apati laj

senkan jiska 21 lane. Yo bay sèvis sa yo gratis pou timoun ki elijib yo. Yo kapab evalye nenpòt timoun. Si yon timoun nan lekòl piblik, fanmi li ta dwe mande yon evalyasyon lè li enfòmè lekòl li a sou sa. Se responsablite lekòl la pou li evalye elèv la, epi si li nesesè, pou li devlope Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) a epi bay sèvis edikasyon espesyal yo. Pou timoun ki nan lekòl ki pa piblik, lekòl prive, lekòl pawasyal oswa lekòl endepandan [charter] yo, fanmi yo ta dwe fè rekòmandasyon an bay Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) a. Fanmi yo kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE la a: <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPSE.htm>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo, gade nan Gid Fanmi sou Sèvis Edikasyon Espesyal pou Timoun ki gen Laj pou Ale Lekòl yo (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/FamilyResources/GuidesDocuments>). Si yon manm fanmi kwè pitit yo ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, kontakte ekip sipò pitit ou a ki nan lekòl la pou jwenn asistans.

Akomodasyon pou Elèv ki gen Andikap ki Kalifye: Konfòmite avèk Seksyon §504

Yon elèv ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite konsiderableman youn oswa plizyè nan aktivite enpòtan lavi chak jou yo elijib pou l resevwa akomodasyon selon Atik 504 nan Lwa pou ameriken

ki gen andikap (Americans Disabilities Act, ADA) yo. Paran yo kapab jwenn plis enfòmasyon lè yo revize Akomodasyon 504 yo - Gid pou Elèv ak Fanmi (http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/37A917C0-8F8A-4552-B6C3-DEE71BB29AA8/0/504_FAQ_Families_FINAL.pdf) oswa lè yo pale avèk Kowòdonatè 504 ki nan lekòl pitit yo a. Atik 504 ki nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la (Atik 504) egzije pwogram pou timoun piti ke leta la finanse pou li pwoteje elèv ki gen andikap yo kont diskriminasyon epi bay elèv ki elijib yo akomodasyon ki rezonab e apwopriye pou yo kapab patisipe nan aktivite lekòl yo sou yon baz egal ansanm ak kamarad yo ki pa gen andikap.

Akomodasyon ak Aksesibilite nan Bilding lekòl la

DOE travay pou li asire l ke pwogram, sèvis ak aktivite yo aksesib pou manm fanmi ak elèv ki gen andikap fizik, tankou moun k ap itilize chèz woulant oswa lòt aparèy sipò. Yo evalye tout bilding yo regilyèman pou detèmine aksesibilite pou moun ki gen andikap yo. Gid sa a ki nan seksyon sa a aplike tou pou moun ki gen andikap pou tande oswa wè oswa vizyèl.

Si yon manm fanmi oswa yon manm nan kominote lekòl la bezwen yon akomodasyon pou yo prezan oswa pou yo patisipe nan yon evènman (pa egzanp, nan jounen lib, konferans pou paran ak pwofesè, pèfòmans lekòl la, gradyasyon) oswa bezwen materyèl yo nan yon fòm ki aksesib, kontakte direktè lekòl la. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte direktè yo lè w antre non lekòl la nan sit Lokalizatè Lekòl (School Search) la (<http://schools.nyc.gov/SchoolSearch/>). Ou kapab mande pou akomodasyon pou evènman yo, avan, pandan ak apre lè lekòl la, epi ou kapab mande yo pou plizyè evènman pandan yon peryòd tan.

Si yo pa ka bay yon akomodasyon nan nivo lekòl la, fanmi yo kapab kontakte Kowòdonatè pou aksesibilite nan jesyon espas (Division of Space Management's Accessibility Coordinator) a nan

accessibility@schools.nyc.gov, epi yo pral revize demann lan. Fanmi yo dwe soumèt demann pou akomodasyon yo davans sito posib.

Pwofil pou Aksesibilite nan Biding (<http://schools.nyc.gov/Offices/OSP/Building+Accessibility+Profiles>) afiche sou entènèt pou fanmi yo kapab revize yo. Pwofil sa yo endike aksesibilite fonksyonèl pou yon biding pou fanmi oswa lòt manm nan kominote lekòl la. Aktyèlman y ap revize tout lekòl yo atravè yon nouvo echèl 10 pwen ke yo kreye pou bay plis enfòmasyon pou fanmi sou diferan karakteristik aksesibilite nan yon lekòl. Aktyèlman, Pwofil pou Aksesibilite nan Biding yo disponib pou biding ki gen aksè limite pou chèz woulant yo nan Manhattan ak Staten Island ki ebèje klas lekòl segondè yo.

Anplis, enfòmasyon sou aksè nan lekòl la (<http://schools.nyc.gov/Offices/OSP/Accessibility.htm>) disponib sou entènèt pou lekòl distri yo ak Sant Pre-K yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aksè total ak aksè limite pou chèz woulant vizite (<http://schools.nyc.gov/Offices/OSP/Accessibility>).

- Yon biding ki gen aksè total pou chèz woulant se yon biding ke yo konstwi apre-1992 ki konfòm avèk egzijans konsepsyon ADA yo epi ki pa gen

okenn kontrent pou moun ki gen andikap pou yo deplase kapab gen aksè nan li.

- Yon bilding ki gen aksè limite pou chèz woulant pèmèt moun ki gen andikap pou yo deplase yo antre epi soti nan bilding lan, gen aksè nan pwogram pètinan epi itilize omwen yon twalèt, men yo ka pa gen aksè total nan tout bilding lan. Deziyasyon sa a varye selon bilding lan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aksè nan yon Sant Edikasyon pou Timoun Piti nan Vil Nouyòk, tanpri rele pwogram lan dirèkteman. Pou w jwenn asistans pou detèmine aksè pou yon Sant Edikasyon pou Timoun Piti nan Vil Nouyòk, tanpri voye yon imèl nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

Transpò Lekòl la

Yo detèmine elijibilite yon timoun pou l jwenn transpò lekòl la selon nivo klas elèv la ak distans ki genyen ant kay elèv la ak lekòl la, jan li afiche nan tablo ki anba a. Gen kèk elèv ki jwenn transpò espesyalize jan li dekri nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) yo a.

Timoun ki piti pase laj senkan, ki enskri nan pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti oswa pwogram Pre-K pou edikasyon espesyal yo, elijib pou sèvis otobis jòn ki fè sèvis twotwa a twotwa jan sa endike nan yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) oswa Plan pou Sèvis Fanmi Endividyèl (IFSP). W ap jwenn plis enfòmasyon disponib nan paj Transpò pou Timoun Piti oswa Pre-K yo (<http://www.optnyc.org/ServicesAndEligibility/prekeitransportation.htm>) sou sit entènèt Biwo Transpò Elèv la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w fè yon demann pou transpò, tanpri kontakte lekòl pitit ou a oswa Biwo pou Transpò Elèv la (<http://www.optnyc.org>) lè w voye yon imèl nan pupiltransportationteam@schools.nyc.gov oswa rele (718) 392-8855.

Tanpri gade tablo ki nan paj 30-31 yo pou jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite elèv la.

Elijibilite pou Mwatye Pri

Elèv yo detèmine ki elijib pou mwatye pri yo abite pre lekòl la ase pou yo kapab vini apye, men yo kapab mande pou yon kat MetroCard pou elèv ki elijib pou mwatye pri yo atravè kowòdonatè pou transpò lekòl yo a. Metropolitan Transit Authority (MTA) bay MetroCard a mwatye pri yo kòm yon koutwazi epi yo valid pou itilize sèlman nan otobis MTA yo, epi se responsabilite elèv la pou l peye mwatye pri aktyèl la pou chak trajè.

Pri Konplè

Nenpòt elèv ki elijib pou transpò a pri konplè yo kapab resevwa yon MetroCard a pri konplè pou elèv sou demann oswa si transpò otobis jòn yo pa disponib pou elèv sa a. Tout elèv ki abite nanabri yo elijib pou resevwa kat MetroCard pou elèv a pri konplè. Se kowòdonatè transpò lekòl elèv la ki bay MetroCard pou elèv yo, ki baze sou elijibilite. Paran timoun ki nan Matènèl jiska klas sizyèm ane ki abite nanabri yo kapab resevwa tou yon MetroCard pou akonpaye yo vin lekòl. Paran elèv ki nan Matènèl jiska klas sizyèm ane ki abite nanabri kapab resevwa yon MetroCard nan men estaf DOE a nanabri yo a, estafabri oswa lè yo vizite elèv yo nan Ekspè pou Kontni Ebèjman Tanporè (http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/6C02DF12-F56D-4024-BE84-EA5B6A51A7B9/0/STHContactInformationFOR DISTRIBUTION_10217.pdf) nan borough yo a.

Otobis Lekòl

Pou yon elèv kapab jwenn sèvis otobis jòn yo, chak grenn nan kritè swivan yo dwe reyini:

- Elèv la dwe elijib pou transpò a pri konplè;
- Elèv la dwe nan Kindergarten jiska klas 6yèm ane
- Kay elèv la dwe nan menm distri ak lekòl elèv la (si li nan yon lekòl piblik) oswa nan menm borough a (si li nan yon lekòl endepandan [charter] oswa lekòl ki pa lekòl piblik).
- Lekòl elèv la dwe gen sèvis otobis jòn yo disponib pou tout elèv ki elijib yo
- Yon estasyon otobis ki nan elijibilite klas oswa distans elèv la egziste oswa yo kapab ajoute l pou akomode elèv la.

Si chak grenn nan kritè ki anlè a reyini, yo pral deziyen yon estasyon bis pou elèv ki enskri davans yo pou ouvèti lekòl la. Paran elèv ki enskri ta yo dwe mande sèvis otobis jòn nan lekòl yo a. Estaf lekòl la pral verifye elijibilite ki genyen epi deziyen yon estasyon pou elèv la oswa mande yon nouvo estasyon atravè OPT.

Tout elèv ki nan Kindergarten jiska klas sizyèm ane ki abite nanabri yo elijib pou transpò otobis lekòl la yo dirije yo nan yon semèn apre yo dekouvri yo elijib pou plasman nanabri yo. Anplis, elèv ki nan lòt fòm ebèjman tanporè yo, elèv ki nan mezon akèy yo ak elèv ki te sanzabri oparavan epi ki ki fèk vin nan yon ebèjman pèmanan yo kapab soumèt yon fòmilè demann pou jwenn otobis.

Paran ak Responsab Legal ki jwenn transpò yo ta dwe toujou enfòme lekòl elèv la sou nenpòt chanjman ki ta fèt nan adrès elèv la.

Gid MTA sou Transpò ki Gen Aksè pou Chèz Woulant (<http://web.mta.info/accessibility/stations.htm>) dekri opsyon transpò piblik ki gen aksè pou chèz woulant yo ki gen ladan otobis, estasyon tren ki gen aksè pou chèz woulant, ak yon Aksè-pou-Woulib (Access-a-Ride) Pwogram Dispatch Vil Nouyòk Ki Gen Aksè pou Chèz Woulant (<http://accessibledispatch.org/>) bay moun ki gen andikap yo aksè pou taksi vèt oswa jòn ki gen aksè pou chèz woulant.

Kòd Distans Kòd Distans Kòd Distans			
A	B	C	D
pi piti pase 0.5 mil	0.5 mil, men pi piti pase 1 mil	1 mil oswa plis, men pi piti pase 1.5 mil	1.5 mil oswa plis
Matènèl:	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 1ye Ane:	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 2yèm Ane:	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 3yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 4yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè

Klas 5yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 6yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè	Otobis Lekòl oswa Pri Konplè
Klas 7yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè
Klas 8yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè
Klas 9yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè
Klas 10yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè
Klas 11yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè
Klas 12yèm Ane:	Pa Elijib	Mwatye Pri	Mwatye Pri	Pri Konplè

Prezans Elèv

Si andikap yon paran oswa Responsab legal kapab afekte prezans pitit yo a, direktè a oswa pwofesè timoun lan ta dwe okouran. Lekòl ak pwogram nou yo travay avèk fanmi yo pou yo konnen kisa ki kapab diminye prezans, pou yo bay sipò epi diskite sou estrateji pou amelyorasyon. Li obligatwa pou tout lekòl yo konsidere prezans yo sou yon baz regilye.

Remaniman Sitwèb

DOE ap travay pou li rann sitwèb li a pi fasil pou moun ki gen andikap yo jwenn aksè. Yon nouvo sitwèb ki gen sitou kontni aksesib pral lanse pandan ane akademik 2017-18 la. DOE pral kontinye travay pou l fè sitwèb li a pi aksesib e konsistan avèk Gid pou Aksè Kontni Sitwèb (Web Content Accessibility Guidelines) 2.0, Nivo AA (<http://www.w3.org/WAI/intro/wcag>). Pou w jwenn asistans avèk yon paj oswa dokiman sou sit entènèt aktyèl nou an, tanpri itilize fòmilè kòmantè sit entènèt la (<http://schools.nyc.gov/ContactDOE>).

Opòtinite pou Angajman Fanmi

Gen anpil opòtinite pou fanmi yo angaje yo avèk kominote ki nan lekòl la, distri oswa nan tout vil la. Pou jwenn yon lis konplè ki gen tout opsyon ak òganizasyon, tanpri vizite Lidèchip Paran (Parent Leadership) (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader>) sit entènèt. Anplis, Chanselye a pibliye Parent Leader Times (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/Parent+Leader+Time.htm>) chak trimès.

Asosyasyon Paran/Asosyasyon pou Paran ak Pwofesè

Li obligatwa pou chak lekòl gen yon Asosyasyon paran oswa yon Asosyasyon pou Paran ak Pwofesè (PA/PTA) (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/PAPTA+Info.htm>). Tout paran, bòpè/bèlmè, Responsab legal ki deziyen yo, paran dakèy ak moun ki gen relasyon parantal yo otomatikman se manm lekòl PA/PTA pitit yo a. PA/PTA kapab youn nan pi gwo defansè pou amelyore sistèm edikasyon piblik la atravè devouman paran ki devwe yo. PA/PTA yo òganize sansibilizasyon pou enplike paran nan vi lekòl, sipòte aktivite lekòl la tankou konferans pou paran ak pwofesè, jounen lib ak sware pwogram akademik, òganize atelye paran ak reyinyon, epi fè aktivite pou kolekte fon pou amelyore edikasyon an, pwogram kiltirèl ak sosyal nan lekòl. Pou w jwenn plis

enfòmasyon, vizite paj Asosyasyon Paran oswa yon Asosyasyon Paran ak Pwofesè (PA/PTA) (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/PAPTA+Info.htm>).

Vin yon Manm Sètifye Ekip IEP Paran an

Paran ak Responsab Legal yo kapab vin yon Manm Sètifye Ekip IEP pou Paran ki Sètifye yo Antanke paran yon timoun yo klase ki gen yon andikap. Manm yo ka pa yon anplwaye nan DOE Manm paran yo patisipe nan diskisyon reyinyon IEP yo epi bay fanmi elèv yo konnen oswa sispèk gen yon andikap ki mande prezans yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite paj Fòmasyon Manm Paran IEP yo (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/FamilyResources/ParentIEPMemberTraining/default.htm>).

Ekip Lidèchip Lekòl la

Ekip Lidèchip Lekòl (SLT) a (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/SchoolLeadership.htm>) bay estrikti pou lè w ap pran desizyon ki baze sou lekòl epi pou devlope yon anviwònman lekòl ki kolaboratif. Manm SLT yo devlope règleman edikasyon pou lekòl yo a epi adapte resous sa yo nan règleman yo. SLT bay evalyasyon kontini ak evalyasyon ki nan pwogram edikasyon yon lekòl ak efè yo sou reyisit elèv la. Nan chak lekòl yo SLT yo konpoze de paran ak estaf la epi rankontre omwen yon fwa pa mwa.

Konsèy Prezidan an

Yon Konsèy Prezidan (<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/DistrictLeadership.htm>) se yon òganizasyon ki gen prezidan PA/PTA (oswa moun yo deziyen yo) ki reprezante enterè paran yo ak òganizasyon lidèchip paran yo. Li obligatwa pou chak lekòl kominotè gen yon Konsèy Prezidan Li obligatwa pou chak borough gen yon Konsèy Prezidan pou lekòl segondè yo. Lekòl edikasyon espesyal nan Tout Vil la (Distri 75) gen yon Konsèy Prezidan nan tout vil la.

Ekip Lidèchip Distri a

Prezidan Konsèy Prezidan Distri yo se manm obligatwa ki nan Ekip Lidèchip Distri (DLT) yo. <http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/ParentLeader/DistrictLeadership.htm>). Ekip Lidèchip distri yo revize plan edikasyon konplè yo pou lekòl ki nan distri yo epi devlope plan nan tout distri a. Yo bay Ekip Lidèchip Lekòl yo gid ak asistans tou.

Konsèy Edikasyon Kominotè

32 Konsèy Edikasyon Kominotè (Community Education Council, CEC) yo (<http://schools.nyc.gov/Offices/CEC/>) fasilite patisipasyon paran yo nan nivo distri a epi yo jwe yon wòl esansyèl nan fòmè règleman edikasyon pou lekòl piblik ki nan Vil Nouyòk yo. CEC gen an total 12 manm: nèf paran elèv ki nan Kindergarten jiska klas uityèm ane (yo rezève de plas pou paran yon

Elèv k ap Aprann Lang Anglè ak paran elèv IEP), de manm Prezidan Borough la deziyen, ak yon elèv lekòl segondè ki pa gen dwa vote. Chak distri lekòl gen yon CEC.

Konsèy Edikasyon nan tout Vil la

Kat Konsèy Edikasyon nan tout Vil la fasilite patisipasyon paran yo nan nivo vil la, defann popilasyon espesifik yo. Kat Konsèy nan tout Vil la yo se: Konsèy nan tout Vil la pou Lekòl Segondè, Konsèy nan tout Vil sou Edikasyon Espesyal ak Konsèy nan tout Vil la pou Distri 75. Tankou CEC yo, chak konsèy sa yo gen 12 manm chak (eksepte Konsèy Nan tout Vil la pou lekòl Segondè yo, ki gen 14 manm) epi yo rankontre chak mwa. Manm Konsèy Edikasyon Kominotè yo eli chak dezan. Chak Konsèy nan tout Vil la ki gen de paran kòm manm ke Defansè Piblik la deziyen yo ansanm ak yon elèv kòm manm ki pa gen dwa vote. Deziyasyon ak seleksyon paran yo pral fèt chak dezan. Pou w jwenn plis enfòmasyon, epi aplike pou vin yon Manm Konsèy, vizite Kominote a ak paj wèb Konsèy Edikasyon Nan tout Vil la (<http://schools.nyc.gov/Offices/CEC/>).

Panèl pou Règleman Edikasyon

Panèl pou Regleman nan Edikasyon (Panel for educational policy, PEP) an (<http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/>) se konsèy nan tout vil k ap dirije Depatman Edikasyon an. Li genyen 13 manm deziyen ak Chanselye a. Chak prezidan yon borough deziyen yon manm epi majistra a deziyen uit manm. Li konsidere pwoblèm tankou itilizasyon espas, kontra ak amannman nan Règleman Chanselye yo.

Konsèy Konsiltatif Paran Chanselye a

Konsèy Konsiltatif Paran Chanselye (Chancellor's Parent Advisory, CPAC) a konpoze avèk chak Prezidan Konsèy Prezidan an (oswa moun li deziyen an). Komite sa a rankontre chak mwa epi diskite sou lidèchip paran k ap afwonte pwoblèm nan tout vil la.

